

# New York State Emergency Rental Assistance Program

Pwogram Asistans Dijans pou Lwaye (Emergency Rental Assistance Program, ERAP) Eta New York la pral ofri gwo soulajman ekonomik pou ede fanmi ki gen revni ba ak mwayen yo ki riske vin pa gen kay oswa pa gen lojman estab, nan ba yo asistans pou aryere lwaye, asistans tanporè pou lwaye ak asistans pou aryere sèvis publik. Pou plis enfòmasyon, ale sou [otda.ny.gov/erap](http://otda.ny.gov/erap).

## Rezidan yo nan Eta New York kalifye pou asistans pou lwaye ERAP si:

- Revni anvan taks fanmi an rive pou piplis a [80 pouzan Revni Medyan Rejjonal la \(Area Median Income, AMI\)](#). Limit sou revni sa yo varye pa konte ak pa gwosè fanmi. Yon fanmi gen dwa kalifye si revni li kounye a oswa revni li pandan ane kalandriye 2020 an rive pou piplis a 80 pouzan AMI an.

EPI

- Nan dat oswa apre dat 13 mas 2020, yon manm nan fanmi an te resevwa endanmnite chomaj **oswa** te gen yon rediksyon nan revni li, te oblige fè gwo depans oswa te gen lòt difikilte finansye, dirèkteman oswa endirèkteman, poutèt pandemi COVID-19 la.

EPI

- Kandida a oblige peye lwaye nan rezidans prensipal li e li gen aryere lwaye (lwaye an reta) nan kote li rete kounye a, pou lwaye li dwe peye nan dat oswa apre dat 13 mas 2020.

Fanmi ki kalifye pou aryere lwaye gen dwa kalifye tou pou èd pou peye aryere sèvis publik nan menm inite lokasyon an.

Y ap fè peman yo dirèkteman bay mèt kay la/mèt pwopriyete a ak konpayi sèvis publik la nan non lokatè a. Lokatè kandida yo ap resevwa yon avi sou montan yo peye nan non yo a. Si mèt kay la difisil pou jwenn oswa si li pa bay enfòmasyon ki nesesè yo pou ranpli demann nan, y ap kenbe fon yo pandan 180 jou pou bay kont tan pou jwenn mèt kay la epi pran enfòmasyon ki nesesè yo epitou pou ofri pwoteksyon lokatè epi fè mèt kay la patisipe leplis posib.